# International Theatre Institute ITI
**World Organization for the Performing Arts**

## Zuva reMitambo yeMudariro muZendereka 2022 – 27 Kurume

**Nhoroondo yaPeter SELLARS,** USA
Opera, Theatre and Festival Director

Zvakapindurwa kuisa muChiShona naTinashe Muchuri

---

### Peter SELLARS
Opera, Theatre and Festival Director

**Peter Sellars, akaberekwa mu**Pittsburgh, Pennsylvania (USA) ari mutungamiri weguwerere reopera netheatre  uyo akawana mukurumbira muzendereka nokuda kwevandudzo itsva netsanangudzo dzinovandudza maonero emitambo isingajujuki, uye mabasa ekurwira kodzero mumukore wamazana makumi maviri emakore uye mumhanzi wazvino, uye mabasa ekushandidzana navamwe vadavadi vane kurongedza nokutamba kunoshamisa chose. Mabasa ake anoratidza simba reudavadi senzira yekupakura unhu hwakanaka nekugadzirisa magariro avanhu.

Akarongedza mitambo ine kuimba mukati mumadariro anoti reDutch National Opera, English National Opera, Festival d'Aix-en-Provence, Lyric Opera of Chicago, Opéra National de Paris neSalzburg Festival, pakati pemamwe mazhinji.

Sellars akabatana navamwe vadavadi pakurongedza mabasa mazhinji nemunyori wenziyo John Adams, anosanganisira *Nixon in China, The Death of Klinghoffer, El Niño, Doctor Atomic,The Gospel According to the Other Mary* and *The Girls of the Golden West*. Achikwezverwa nenziyo dzaKaijaSaariaho, akatungamirira kugadzirwa kwebasa rake (*L'Amour de loin, Adriana Mater, Only the Sound Remains*) iro rakakudza maitirwe eopera mumukore uno.

Mabasa (COVID-19 isati yavepo) ake matsva anosanganisira kurongedza *Doctor Atomic* paSanta Fe Opera, kurongedza nokutambwa kwemutambo Claude Vivier's*Kopernikus* kuti utambwe kuFestival D'Automne (Paris), uye kugadzirwa kwemutambo Mozart's *Idomeneo* kuti uitwe kuSalzburg Festival.

Mukupera kwa2020 akanyora nokutungamira “this body is so impermanent …” firimu rakatutswa nokuda kwedzihwamupengo reCOVID-19 iro rakazengeza zendereka rose zvichi mukusutswa namashoko kubva ku*Vimalakirti Sutra*. Mabasa ake akamirira kuratidzwa anosanganisira kurongedza mutambo wemudariro *Roman du Fauvel* achishandidzana nenyanzvi yezvemimhanzi uye muvambi weSequentia Ensemble, Benjamin Bagby; rumutsiridzo rwamutambo une mukurumbira waSellars' unonzi *Tristan und Isolde*, nyaya inodzamiswa nekuburitswa zvakajeka nemavhidhiyo akagadzirwa nomudavadi Bill Viola; na*Perle Noire, meditations for Josephine*, nemimhanzi yakanyorwa naridzi wemidzidyo yemimhanzi yakawandisa Tyshawn Sorey ichiimbwa nokutambwa nomuimbi Julia Bullock.

Sellars akatungamirira maguwerere eudavadi makuru akati wandei, anosanganisira 1990 na1993 Los Angeles Festivals uye 2002 Adelaide Arts Festival. Muna 2006 aive Artistic Director weNew Crowned Hope, guwerere remuVienna umo akadana vadavadi vachiri kusimukira nevakasimukira kare kubva kumararamiro akasiyana-siyana kuti vaumbe basa idzva mundima yemimhanzi, mitambo yemudariro, kudzana, nezveudavadi hwezvinobatika nokuonekwa uye hwezvekutara mifananidzo yezvivakwa kuitira kupemberera makore mazana maviri nemashanu aMozart (Mozart's 250th birth anniversary). Akashanda semutungamiriri wemimhanzi weguwerere re2016 Ojai Music Festival.

Sellars muzvinafundo anomukurumbira mubanzi reDepartment of World Arts neCultures paUCLA, ndiye mutungamiri akavamba Boethius Institute paUCLA, murongi uye ari mugari wepaguwerere reTelluride Film Festival, uye aiva chiapngamazano weRolex Arts Initiative. Akawaniswawo MacArthur Fellowship, mubairo weErasmus Prize nokuda kwebasa rake munezveEuropean culture, Gish Prize, uye innhengo yeAmerican Academy of Arts and Sciences. Akapiwawo zvakare mubairo unokoshesesa wePolar Music Prize uye kuziviswa saArtist of the Year neveMusical America.